Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 9 (6696) 2 март 2020 с. Итни Ражаб 1441 с. Багъа - эркенаб

АНТИТЕРРОР. ДУНЯЛАЛЪЕ - РЕКЪЕЛ

## Квешлъиялъул къорикье лъимал ккунгутIизелъун

**Бакълъулазул мухъалъул терроризмалда дандечIараб комиссиялъул данделъиялда гьоркьор лъуна лъимал тIекълъиялдаса цIуниялъул суалал**

**25 февралалда «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда тIобитIана терроризмалда дандечIараб комиссиялъул данделъи.**

Данделъи бачана Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас. Данделъиялда гIахьаллъана районалъул прокурор, юстициялъул кIудияв советник МухIамад МухIамадов, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев Шамил Мажидов, районалъул бетIерасул заместителал МухIамад Хъарагишиев, Малик Маликов, АТКялъул специалистал, рухIиял церехъаби ва цогидалги.



Гьоркьор лъуна законазде данде ккоралел яргъид гIуцIарал къокъабазул членазул балугълъиялде рахинчIел лъималазда гьоркьоб бичIчIикьеялъул хIалтIи гIуцIиялъул, 2019 – 2023 соназе РФялда терроризмалъул идеологиялда дандечIараб комплексияб план гIумруялде бахъинабиялъул хIакъалъулъ суалал, хIасил гьабуна Дагъистаналда ва Бакълъулазул районалда АТКяз тIуразарурал хIалтIабазул.

Тадбир рагьана районалъул бетIерасул заместитель, балугълъиялде рахинчIезул ишазул ва гьезул ихтиярал цIуниялъул рахъалъ муниципалияб комиссиялъул председатель МухIамад Хъарагишиевас. Гьес бицана законалде данде ккоралел яргъид гIуцIаразул къокъабазул членазул балугълъиялде рахинчIел лъималазда гьоркьоб гьабулеб бугеб хIалтIул. «Районалда буго НВФялъулгун бухьен букIарал эбел-инсул балугълъиялде рахинчIел лъимал ругеб чанго хъизан. Балугълъиялде рахинчIезул ишазул ва гьезул ихтиярал цIуниялъул рахъалъ комиссиялъул жавабияв секретарас, ихтиярал цIуниялъул, жамгIиял ва диниял гIуцIабазгун цадахъ профилактикияб хIалтIи гьабулеб буго лъимал терроризмалъул ва экстремизмалъул гIуцIабазда гьорлъе ккечIого рукIиналъе. Щибаб кварталалъ халгьабула лъималазе рукIа-рахъиналъе кинал шартIал чIезарун ругодаян», - абуна МухIамад Хъарагишиевас.

Терроризмалъул идеологиялда дандечIараб комплексияб план тIубаялъул бугеб хIалалъул бицана РФялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул нухмалъулев Шамил Мажидовас. Гьеб суалалда тIасан гьединго кIалъазе рахъана лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул методист ГIабдула МухIамадов, культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIманов, муниципалитеталъул бетIерасул кумекчи МухIамад Зубайиров, ДРялъул Муфтияталда цебе бугеб лъайкьеялъул отделалъул Гумбеталда вугев хIалтIухъан ХIажи Иналов ва цогидалги.

Терроризмалда дандечIараб районалъул комиссиялъул бетIерав специалист Руслан Даитбеговас хIасилал гьаруна Дагъистаналъул ва Бакълъулазул районалъул АТКязул хIукмаби тIураялъул бугеб хIалалъул.

Данделъиялъул хIасилалги гьарулаго, районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас тIадкъана гIолилал хIажат гьечIел къокъабазда гьорлъе ккечIого рукIиналъе гIоло хIаракаталда хIалтIизе, балугълъиялде рахинчIел лъималгун гIемер дандчIвазе, экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялъул зарал гьезда бичIчIизабизе.

**Хадижат Мазгарова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## ХIажимурад МухIамадов: «КIудияб Бергьенлъиялъ 75 сон тIубай ккола халкъияб байрам»

**Полилазул ва социалиял масъалабазул халгьабуна**

**25 февралалда, Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул нухмалъиялда, администрациялда тIобитIана гIолилазул, социалияв рахъазул ва цогидалги кIвар бугел суалал гьоркьоб лъураб данделъи.**

«Сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас бицана районалъул централияб больницаялде лъим бачарал рогIразе ремонт гьабунин. Хварал рогIразул бакIалда 36 метралъул манзилалда цIиял хисана. Гьесул рагIабазда рекъон, гьаб сагIат больницаялде лъим бачIунеб буго, лъим бачарал рогIразе ремонт гьабун жеги лъугIун гьечIо.



Районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Зубайировас абуна «Ракълилаб Дагъистан» проекталда рекъон школазда тIоритIулел ругин Дагъистаналъул тарихиябгун маданияб ирсалъул пропаганда гьабиялде, терроризмалъул ва экстремизмалъул зарал бичIчIинабиялде руссарал тадбирал. ВатIан цIунулезул къоялъул хIурматалда ЦIияблак районалъул ЦIиябчуртахъ росулъ тIобитIун буго торгIо хIаялъул турнир. «Ракълилаб Дагъистан» проекталъул презентация тIобитIана ЦIилих гьоркьохъеб школалда. Гьединалго тадбирал тIоритIизе руго муниципалитеталъул лъайкьеялъул цогидалги учреждениязда.

Лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул специалист Сурхай Сурхаевас баян гьабуна лъайкьеялъул бутIаялда бугеб хIал. МелъелтIа гьоркьохъеб школалда лъуна цIияб цистерна, хIухьлаца классал хинлъизарулел руго.

(Ахир - 2 - аб. гьумералда)

НОМЕРАЛДА РУГО:



1380

-2 гьум.



МагIарул мацI букIаго, магIарул халкъ букIина

-2 гьум.



«Аваразул калам – гьелъул камиллъи» абураб тадбир тIобитIана

-2 - 3 гьурм.



Черхалда ригъарал ругънал ругезда…

3 гьум.

## ХIажимурад МухIамадов: «КIудияб Бергьенлъиялъ 75 сон тIубай ккола халкъияб байрам»

(Байбихьи - тIоцебесеб гьум.)

Данделъиялда районалъул бетIерас кIвар буссинабуна КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 75 сон тIубай кIодо гьабиялде гIуцIа-къараб хIадурлъи гьабизе ккеялде. «Россиялъул президент Владимир Путинил Указалдалъун РакIалде щвеялъул ва рецщалъул сонлъун лъазабураб гьаб соналъ тIолабго улкаялда тIоритIизе руго КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 75 сон тIубай кIодо гьабиялде ралагьарал маданиялгун халкъиял тадбирал. Нилъецаги жигараб гIахьаллъи гьабизе буго байрам рохалида кIодо гьабиялда ва букIине кколеб даражаялда тIобитIизе ккола гьеб», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Данделъиялда районалъул бетIерас ХIурматалъул грамота кьуна Афгъанистаналъул рагъул инвалидазул гIумруялъул хIакъалъулъ «БахIарчилъиялъе даимаб рецц» абураб документалияб фильм бахъиялъул конкурсалда гIахьаллъарав Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул нухмалъулев Набигула АхIмадибировасе.

**Макка МухIамадова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# 1380

### Дагъистаналъул васал, бакълъулазул бахIарзал...

**ВатIан цIунулезул къоялъул ва улкаялъул гIорхъи бахун къватIиб хъулухъалъулаб нальи тIубазабурал россиялъулал ракIалде щвеялъул къоялъул хIурматалда Бакълъулазул районалда тIоритIана маданиялгун тарихиял тадбирал. Гьеб байрамалда гIахьаллъана Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов. Тадбиралъул гIахьалчагIаз тIугъдузул горал лъуна КIудияб ВатIанияб рагъда хваразул хIурматалда бараб памятникалда цере. Хадуб районалъул администрациялъул активияб залалда тIобитIана рохалилаб данделъи.**



Баркиялъулаб кIалъай гьабуна Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас. «2020 сон Россиялъул Федерациялъул президент Владимир Путинил Указалдалъун лъазабун буго РакIалде щвеялъул ва реццалъул сонлъун. ТIолабго цебетIураб инсанияталь кIодо гьабулеб буго гитлерилаб фашизмалда тIад бергьенлъи босаралдаса 75 сон тIубай.

Бакълъулазги жигараб гIахьаллъи гьабуна КIудияб ВатIанияб рагъда. ВатIаналъе гIоло, гвангъараб букIинеселъе гIоло вагъана 1380 бакълъулав. Гьездасан 866 чияс рухI ккуна ВатIаналъе гIоло. Нилъер нальи ккола КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи ракIалде щвей, гьезул гьунаразул хIакъалъулъ баянал наслабаз наслабазухъе кьей, лъималазе ВатIан бокьиялъул рухIалда тарбия кьей.

Афгъанистаналда ва цогидалги бакIазда жидерго борч тIубазабурал рагъухъаби - интернационалисталги ккола гIолеб гIелалъе мисаллъун. ВатIан цIунулезе гьарула сахлъи, талихI, рохел», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Районалъул нухмалъулес хIурматалъул грамота кьуна Афгъанистаналъул рагъул ветераназул ва инвалидазул Россиялъего гIаммаб жамгIияб гIуцIиялъул Гумбеталъул бакIалъулаб отделениялъул нухмалъулев МухIамадрасул Сулаймановасе.

Маданиял хIалтIухъабаз рихьизаруна художественниял номерал. Гьединго цебебахъана лъималазул искусствоялъул школалъул «ГьитIинал магIарулал» кьурдул ансамбль. Бихьизабуна Юрий Озеровасул «Освобождение» абураб киноэпопея.

Байрам кIодо гьабиялда гIахьаллъана районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIманов, гьесул заместитель МухIамад ГIумардибиров, муниципалитеталъул администрациялъул аппаратальул нухмалъулев ИсмагIил Салатгереев, ДРялъул Муфтияталда цебе бугеб лъайкьеялъул отделалъул Гумбеталда вугев хIалтIухъан ХIажи Иналов, районалъул росабалъа рагъухъаби – интернационалистал ва цогидалги.

**«Гумбет» РИО**

КЪУРАБИ КIАЛЪАЛА МАГIАРУЛ МАЦIАЛЪ

## «Аваразул калам – гьелъул камиллъи» абураб тадбир тIобитIана

### Метер магIарул мацI хвезе батани, хваги дун жакъаго, жаниб ракI кьвагьун

**Бакълъулазул районалъул МелъелтIа росдал маданияб централда тIобитIана Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIалъул къоялда хурхараб МелъелтIа аслияб школалъулгун цадахъаб «Аваразул калам – гьелъул камиллъи» абураб тадбир. Гьелда гIахьаллъи гьабуна районалъул культураялъул отделалъул, библиотекаялъул, лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул, ЦIиликь росдал маданияб централъул хIалтIухъабаз, Ингишо гьоркьохъеб школалъул рахьдал мацIалъул мугIалим Гулисат Ахкубеговаль ва цогидазги.**



Тадбиралда байбихьана киназго цадахъ Гумбеталъул гимн ахIиялдалъун. Гьеб рагьана, рахьдал мацI цIунизе ккеялълги бицунаго, МелъелтIа росдал маданияб централъул нухмалъулей ГIазра Халидоваль.

(Ахир - 3- аб. гьумералда)

МАЦI БИЛИЗЕ ТАНИ, БИЛУЛА МИЛЛАТ

## МагIарул мацI букIаго, магIарул халкъ букIина

### Авар мацIалъул фестивалалда гIахьаллъана «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов

**ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб Аваразул драматическияб театралда тIобитIана авар мацIалъул фестиваль.**



Бакълъулазул районалъул «Гумбет» газеталъул хIалтIухъабаз Авар театралъул фойеялда гIуцIана гIагараб ракьалъул печаталъулаб продукциялъул выставка. Авар мацIалъул фестивалалда гIахьаллъи гьабуна «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХIамзат ГIизудиновас, фотомухбир, туризмалъул суалазул рахъалъ специалист Гебек Гебековас, пахьул гулгунал, гIергIал гьариялъул махщалилав ИчичIалиса МухIамад Ханахъаевас, маданиял хIалтIухъабаз ва цогидазги.

Бакълъулазул выставкаялда лъун рукIана Дагъистаналъул адабияталъул классик Инхоса ГIали-хIажиясул ва гьанжесел авторазул тIахьал. Фестивалалъул гIахьалчагIазе ва гьалбадерие рокьана выставкаялда лъун рукIарал ичичIалисезул пахьул тIагIелал.

«Щибаб мацIалъ, щибаб маданияталъ баянго бихьизабула жакъасеб тIолгодунялалъул культура цебетIей. Рахьдал мацIалъул халкъазда гьоркьосеб къоялъ кверсбакъи гьабулеб буго мацIал церетIеялъе ва цIуниялъе, ЮНЕСКОялъ гьеб байрамлъун лъазабиялъги бихьизабулеб буго киналго мацIал ва маданият цIуниялде кIвар кьолеб букIин», - ян баян кьуна ХIамзат ГIизудиновас.

**«Гумбет» РИО**

## Администрация муниципального района «Гумбетовский район»

### Распоряжение

**26.02.2020 г. № 09**

**«Об олимпиадах школьников, посвященных памяти заслуженного учителя РСФСР и ДАССР Ханмагомеда Аххубеговича Аххубегова»**

**1. Поддержав инициативы: руководителя Центра цифрового и гуманитарного профилей «Точка роста» МКОУ «Мехельтинская СОШ» Гаджиева Лабазана Гаджиевича и руководителя ассоциации учителей физики Гумбетовского района, директора МКОУ «Килятлинская СОШ» Узаирова Саидбега Мутагировича, в целях увековечения памяти заслуженного учителя РСФСР и ДАССР, отличника народного образования Республики Дагестан Аххубегова Ханмагомеда Аххубеговича и развития в районе математического и физического образования, повышения его качества, выявления и поддержки талантливых детей, администрация МР «Гумбетовский район»**

**Решает:**

1. Ежегодно в апреле-мае в районе провести межрайонные олимпиады школьников - по математике для учащихся 5 - 8 кл., по физике - для 7- 8 кл., посвященные увековечению памяти заслуженного учителя РСФСР и ДАССР, отличника народного образования Республики Дагестан Аххубегова Ханмагомеда Аххубеговича.

2. Местами проведения олимпиад определить МКОУ «Мехельтинская СОШ» - (математика) и МКОУ «Килятлинская СОШ» - (физика).

3. Подготовку и проведение олимпиад, оказание школам необходимой организационно-методической помощи в подготовке к олимпиадам возложить на «Центр развития образования».

4. Финансовому отделу администрации (Халидову Р.М.) предусмотреть в бюджете «Центра развития образования» средства на проведение олимпиад.

**Глава МР «Гумбетовский район»**
**Х. Магомедов**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# Дуца гьудуллъун ккве квер гIатIидаб «Гумбет» газета

### 2020 соналъе «Гумбет» газеталъе учреждениязда ва гIуцIабаз подписка гьабиялъул баянал

| Учреждениял ва гIуцIаби | Редакциялдасан | Почалдасан |
|---|---|---|
| Райадминистрация | 16 | 1 |
| Маданияталъул центр | 5 | |
| Налогазул инспекция | 2 | |
| РайОНО | 10 | |
| Ветуправление | 8 | |
| Лъималазул творческияб рукъ | 1 | |
| Централияб библиотека | 10 | |
| ТИК | 1 | |
| Финансазул управление | 6 | |
| ДРялъул МФЦялъул филиал | 10 | |
| Казначействоялъул отделение | 4 | |
| Суд | 2 | |
| УСЗН | 10 | |
| ЦСОН | 28 | |
| Росдал магIишаталъул отдел | 3 | |
| ОПФР | - | 8 |
| Полициялъул отдел | 23 | 73 |
| Почалъул отделение | - | 6 |
| Редакция | 12 | |
| Централияб больница ва поликлиника | 50 | 2 |
| ЦСУ | 1 | |
| МелъелтIа АСП | - | 1 |
| МелъелтIа лъималазул ах | 20 | |
| ГIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул центр | 10 | |
| ГIолилазул центр | 1 | |
| Пожарнияб часть | 5 | |
| Искусствоялъул школа | 5 | |
| МелъелтIа аслияб школа | - | 21 |
| МелъелтIа гьоркьохъеб школа | - | 3 |
| ДЮСШ | - | - |
| Архивалъул отдел | - | - |
| ЗАГСалъул отдел | - | - |
| «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАО | - | - |
| Централияб бухгалтерия | 1 | - |
| Прокуратура | - | - |
| Мировияб суд | - | - |
| **Кинабниги** | **244** | **116** |

ТIадехун ругел баяназдасан бихьулеб буго, 2020 соналъе «Гумбет» газета хъваялъулъ хIаракатчилъи бихьизабун букIин Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул, централияб больницаялъул МелъелтIа аслияб школалъул, МелъелтIа лъималазул «Бакъ» ясли-ахалъул, районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул, централияб библиотечнияб системаялъул, УСЗНалъул, ЦСОНалъул, МФЦялъул МелъелтIа бугеб офисалъул, гIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул централъул, пенсионнияб фондалъул отделалъул, казначействоялъул Гумбеталда бугеб отделениялъул хIалтIухъабаз.

Щибаб соналъго гIадин, гьаб соналъеги райгазета щивав хIалтIухъанас хъвазабиялде кIвар кьуна финансазул отделалда, ветуправлениялда, почалъул отделениялда, налогазул инспекциялда ва цогидалги учрежденияздагун гIуцIабазда.

Гьанир рехсон щиб гьабилеб, таблицаялдасанги рихьулел руго, хIалтIухъабазни щиб гурин, коллективаз цIализегIаги букIине цоници «Гумбет» газеталъе ведомственнияб къагIидаялъгIаги подписка гьабичIел идараби. Районалъул газеталъул редакциялде рачIун подписка гьабизе бегьула бокьараб заманалда. РакIалде ккола цоници газета хъвачIезги, коллективалда цIикIкIун хIалтIухъаби ругел бакIазда 1-3 газета гурони хъван гьечIезги тадбирал гьарилин гьеб гIунгутIиялъе ахир лъеялъе.

**Къурмагъиз ХIадисова**

КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ – 75 СОН. ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Черхалда ригъарал ругънал ругезда...

### ЧIиркъатIаса ГIабал ХIамзатил къисмат

**Рамазанов ХIамзат-ГIабал ХIамзат, гьев кколаан бакълъулазул цIар рагIарав кочIохъан ГIабас МухIамадил вац. Рагъде ана 1941 соналъул 12 декабралъ, мухъилав, кавалерист. Дальный Востокалда ругьун гьавиялдасан байбихьана кавалеристасул рагъулаб нух. Гьениса витIана Смоленскалде, хIалуцарал рагъалгун цере унаго нахъа тана Белоруссия, щвана Польшаялде.. Польшаялда гьесие щун букIана 3 меседил чайил гъуд (чайная ложка). 1944 соналъул 26 июлалъ бох лъукъана. Сочиялда госпиталалда бана 7 моцI. Гьенив вукIаго жив сах гьавурал тохтурзабазе кьун буго ХIамзатица гьеб лъабаго меседил тIагIел. Рокъове виччана 1945 соналъул 15 марталъ бох сакъатлъун. Кваранаб бохалъул накалда гулла щун, гьеб сукIулароан ХIамзатил. Бугониги, росулъе вуссун хадуб ХIамзатица байбихьана ракълилаб гIумруялде. Сахал чагIаздаса нахъе ккечIого хIалтIана гьев рагъул инвалид колхозалда. ГIумруялъул ахирал соназ гочана лъадиялъул росулъе ГIашилтIе. Гьенив хвана 1989 соналъ. Хоб буго ГIашилтIа.**

**Гьаб буго бох борлъун госпиталалда вукIаго ХIамзатица рокъобе битIараб назму.**

ГIенекке гIадамал, гIин тIаме яцал,
ГIумру битIун ккечIев дир хабаралде.
Данде гIолилазул цIарал ахIидал,
Дирги цIар ахIана военкоматалъ.
Вас армиялде ун унтараб керен,
Кидаха сахлъилеб чохьол улбузул?
Бихьулищ, тIулилал, тIаде щвараб къо,
Щибго гьечIев дие бачIараб давла.
Дунялалъул рачел дие къиридал,
Къо лъикIилан тана рукъалъул агьлу.
Росдаде бачIараб дидеги щведал,
Щакърахун гIодана цохIо йигей яс.
Росдал гIолохъаби цереги риччан,
Гьарурал хиялал хваяб рекIеца.
РукIанщинал кепал кодоса индал,
Чваххун тIун гIодана гIаданир берал.
ЦIараб болжалалде нахъ руссинилан,
Къваридго регана рорхатал мугIрул.
Гьанже дун вугеб ракь дуда бихьани,
Лъалаго баккила дуда хъахIаб рас.
Росдал гIадамазде ургъел бикьани,
Макьу щун кьижулев чи вукIинадай?
Мадугьаллъиялъе кагъат цIалани,
ЦIараб лъагIалица рохиларо нуж.
Аллагь! Дида бугеб зулму бихьулищ,
Черхалда судулел ругъналги хIехьон.
Чанги заман ана окопазухъ дир,
Дуниял кIочараб, макьу рихараб.
Хиялал гIемерав, гIакълу босарав,
Рукъалъул гIатIилъи гIоларев дие,
ГIезе ккана окоп ракьулъ бухъараб,
Кинаб бугониги щиб дие дунял.

Диде рагIад ккараб кквеги шагьри моцI,
ЦIикIкIун мех бахъарал нахъе риччараб.
ГьечIищха, БетIергьан, гьабизе сабаб,
Черхалда ригъарал ругънал ругезда?
ЛъикI гьабун бицине мацIги лъаларо,
Лъарабцин бицине ракIги хIинкъула.
Мамайилан абун, отецин ахIун,
ХIиллаялъ рорчIула цо-цоял рокъой.
Черхалъухъ балагьун хал-шалги гьабун,
БакIаб бихьун кьола кодобе ярагъ.
Ругьунлъизе кколин гьалдеян абун,
Ургьире унарел харбал рицуна.
Хасел ун, их бачIун тIегь баккиладай,
ТIурачIел анищал ракIалде щвани.
Щобазде цIадал ран ихх бахъинадай,
Бахъарабго гомог чваххун гурони.
Чалухал беразде канлъи щвеладай,
Кутакаб хьухь бачIун цебе чIун бугин.
ЧIезе бакI щоларел чалухал лугбал,
Гьедун регун руго рахъинарилан.
Рокъоса къватIиве вахъаралдаса,
Къараб рачел буго Исталиние.
Кваранаб бохалъул наку гIодоб чIван,
Гьедун жанир лъуна патронал васас.
Амма тушманасул гулид бох борлъун,
ГIабал ХIамзат ана гIебеде реххун.
Сестрабаз ваччана госпиталалде,
Порофессор вачIун ругънал рухьана.
Фал хIукму лиЛагьи гIалийил кабир,
Гьадинищ букIараб Бичасул хIукму?!

**Ибрагьим Ибрагьимов,**
**ЧIиркъатIа музеялъул директор**

# ТамихI гьабиялъул ва гьабичIолъиялъул баян...

**2020 абилеб соналъул 10 февралалдаса байбихьун Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъ тамихIалде цIан вуго яги гьечIо абураб справка тIокIаб кьезе гьечIо.**




Гьеб хиса-баси ккана 27.09.2019 соналъ къватIибе бачIараб Россиялъул МВДялъул № 660 «Об утверждении Административного регламента МВД России по предоставлению государственной услуги по выдаче справок о наличии (отсутствии) судимости и (или) факта уголовного преследования либо о прекращении уголовного преследования» буюрухъалда рекъон.

Гьеб щвезе ккани ине ккола МФЦялъул филиалалде яги Дагъистан Республикаялъул МВДялъул информационнияб централде, цадахъ паспортги босун яги гIарза битIизе бегьула интернет хIалае ккун (электронно).

БичIчIинчIеб суал ккани кIалъазе бегьула гьал номераздe: 99-69-13, (8963-414-07-99).

**Шамил Мажидов,**
**РФялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул нухмалъулев,**
**полициялъул подполковник**

# «Аваразул калам – гьелъул камиллъи» абураб тадбир тIобитIана

**(Байбихьи - 2 - аб. гьум.)**

Тадбир махщалида бачана МелъелтIа аслияб школалъул авар мацIалъул мугIалим Шагьзадай Юсуповалъ. ЦIалдохъабаз бихьизабуна авар мацIалъе гьунар букIин. РикIкIана авар мацIалда Дагъистаналъул поэтазул кучIдул. Рихьизаруна магIарулазул рукIа-рахъиналда хурхарал сценкаби. Хасго балагьарал хIайран гьаруна ичIабилеб классалъул цIалдохъабаз бихьизабураб «МугIрузул ГIали» абураб сценкаялъ. Гьабуна «ГьитIинал магIарулал» къурди. Бихьулеб букIана улбуз жиделъ бессизабураб рахьдал мацI бицине лъималазул бугеб рокьи ва гIищкъу.

МугIалимзабаз рихьизабуна цересел гIасрабазда аваразул букIараб миллияб ратIлил форма ва кванил нигIматал.

МагIарул мацIалъул къимат гьабизе, гьеб цIунизе ккеялъул бицана ва цIалдохъабазе, мугIалимзабазе, хасго авар мацIалъул мугIалим Шагьзадай Юсуповалъе, МелъелтIа маданияб централъул нухмалъулей ГIазра Халидовалъе баркала загьир гьабун кIалъана районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибиров, районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул методист, районалъул руччабазул Советалъул председатель Загьра ГIабдулаева, районалъул искусствоялъул школалъул хIалтIухъан Нуцалай ГIабдурахIманова, Ингишо гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул мугIалим Гулисат Аххубегова, ЦIиликь росдал маданияб централъул нухмалъулев ГIабдухаликъ ГIубайдов, МелъелтIа аслияб школалъул нухмалъулей Зульфия ХIажимурадова ва цогидалги.

**ГIайшат Исламбиева**

ПРАВА И ОБЯЗАННОСТИ

# О получении государственных услуг в сфере миграции в электронном виде посредством портала «Государственные услуги»

**Миграционный пункт отдела МВД России по Гумбетовскому району разъясняет возможность полного использования услуг портала «Государственные услуги».**

Документы необходимые для регистрации: СНИЛС и мобильный телефон, для получения уведомлений портала и восстановление доступов к ресурсу в случаи утери.

**Этап 1. Регистрация на портале**

Переходите на главную страницу портала — https: gosuslugi.ru/.

На главной странице портала госуслуг в правой части нажимаете на кнопку «Зарегистрироваться» и переходите к форме регистрации на странице ЕСИА — https://esia.gosuslugi.ru/registration/, вводите фамилию, имя, номер своего мобильного телефона или электронной почты, нажав на кнопку «Зарегистрироваться», соглашаетесь с условиями использования и политикой конфиденциальности. Дожидаетесь код подтверждения, который придет на номер указанного мобильного телефона. Задаете пароль, который будет использоваться для каждого входа на портал Госуслуг, подтверждаете его второй раз и нажимаете кнопку «Готово».

Итак, Вы зарегистрированы. На следующем этапе понадобится ввести личные данные, которые будут использоваться для автозаполнения полей при подаче онлайн заявлений на данном ресурсе, а именно: фамилия, имя, отчество, дата и место рождения, паспортные данные, которые затем сохраняете, нажав кнопку «Сохранить».

На данном этапе Вы прошли упрощенную процедуру регистрации физического лица, при которой есть возможность получить лишь часть услуг, например, проверять наличие штрафов ГИБДД.

**Этап 2. Завершение стандартной регистрации**

Заполнив свой профиль, появится возможность пройти стандартную и подтвержденную регистрацию, от которых и зависит количество получаемых услуг.

Чтобы Ваша учетная запись получила стандартную регистрацию достаточно ввести СНИЛС и тогда система на портале госуслуг, проверив введенные данные, присвоит статус. Время проверки, в среднем занимает около 15 минут. После подтверждения Вы получаете уведомление на мобильный телефон.

**Этап 3. Подтверждение личности на портале**

Для получения следующего статуса учетной записи необходимо подтвердить личность, нажав на кнопку «Подтвердить». Для этого выберите удобный для Вас способ прохождения процедуры идентификации личности и подтверждения учетной записи: лично в центре обслуживания; заказным письмом от Почты России; электронной подписью.

После этого Вы сможете пользоваться всем функционалом единого портала Государственных услуг без исключений, в том числе в миграционном пункте отдела МВД России по Гумбетовскому району, а именно: регистрация граждан РФ по месту пребывания (по месту жительства); снятие с регистрационного учета граждан РФ по месту пребывания (по месту жительства); оформление внутреннего паспорта гражданина РФ (для обмена паспорта по достижении 20-ти, 45-ти лет, регистрацию на портале необходимо пройти до достижения указанного возраста); предоставление адресно-справочной информации на физических лиц.

Помимо этого, в электронном виде через портал Государственных услуг можно подать заявление о получении государственной услуги по добровольному дактилоскопированию граждан.

Миграционный пункт отдела МВД России по Гумбетовскому району рекомендует обращаться с заявлениями на оказание государственных услуг в форме электронного документа через единый портал государственных и муниципальных услуг (gosuslugi.ru).

Тем самым Вы сокращаете количество посещений ведомства и экономите своё время.

Заявление можно подать находясь как дома, так и в любом другом месте, с помощью мобильного приложения (https://www.gosuslugi.ru/help/mobile).

Можно отследить статус своего обращения, а также владеть полной информацией о сроках изготовления документа.

Также Миграционный пункт отдела МВД России по Гумбетовскому району напоминает, что граждане имеют возможность оплачивать государственные пошлины за выдачу (замену) паспорта гражданина РФ и заграничного паспорта со скидкой в 30% при использовании портала gosuslugi.ru.

# Электронная трудовая книжка – документ настоящего и будущего

**С 1 января 2020 года в России действуют электронные трудовые книжки (ЭТК).**

Россия переходит на электронную систему документооборота, функционирует электронное правительство, в новом формате работают все учреждения и организации. Специалисты отмечают, что все электронные данные надежно защищены от кибератак и сведения не могут быть утеряны.

Начальник отдела ОПФ РФ по РД в Гумбетовском районе Далгат Джамалудинов, комментируя нашему сетевому изданию изменения в трудовом законодательстве и возможности электронной трудовой книжки, подчеркнул, что новая форма трудовых отношений имеет много преимуществ. «Чтобы перейти на формат электронной трудовой книжки (ЭТК), работник должен написать заявление до конца 2020 года. Если заявление не поступит, работодатель сохранит бумажную версию.

С 2021 года работники, которые устроились на новую работу, будут обслуживаться в электронной форме, для них заведут ЭТК, без бумажного варианта. При переходе на ЭТК также нужно беречь старую бумажную версию документа, так как в нем зафиксированы важные данные, накопленные до 2020 года», – прокомментировал Далгат Джамалудинов.

# Кому и зачем нужен коллективный договор

**Взаимоотношения между работниками и работодателями, направленные на обеспечение согласования их взаимных интересов по вопросам регулирования трудовых отношений и иных непосредственно связанных с ними отношений регулируются через социальное партнерсгвоДоговорное регулирование социально-трудовых отношений осуществляется путем заключения коллективных договоров в организациях после коллективных переговоров по подготовке проектов коллективных договоров. Представители работодателя и работников оговаривают, что именно будет прописано в коллективном договоре Через коллективный договор можно решать вопросы повышения производительности труда, ответственности коллектива и др. Как показывает практика, наличие социальных гарантий зачастую является гораздо большей мотивацией для работника, чем величина его заработной платы. Заинтересованность работников в заключении коллективного договора очевидна. При этом не только работники, но и работодатели получают немалые преимущества.**

Во-первых, трудовое законодательство предоставляет право работодателю установить в коллективном договоре дополнительные трудовые и социальные льготы для работников. Во-вторых, коллективный договор позволяет существенно сократить объем документооборота по кадровым вопросам. Коллективный договор относится к срочным договорам. Если по истечении его срока он не будет продлен или заключен заново, то работники не смогут воспользоваться гарантиями, которые были закреплены в этом договоре.

Стороны вправе расширить или сузить перечень положений, определенных в ст. 41 ТК РФ, для их включения в коллективный договор. В первую очередь, в коллективном договоре следует закрепить те условия, которые улучшают положение работников по сравнению с трудовым законодательством, а также те, которые не нашли отражения в локальных нормативных актах организации.

К еще одному преимуществу колдоговора стоит отнести то, что в организации, в которой заключен колдоговор, должен вестись постоянный контроль за его исполнением (ст.51 ТК РФ). Такой контроль осуществляется сторонами социального партнерства, их представителями, соответствующими органами по труду. При проведении контроля представители сторон обязаны предоставлять друг другу необходимую для этого информацию. С целью обеспечения контроля формируется специальная комиссия.

**О чем работодатель договаривается с работниками**

В результате, коллективный договор выполняет сразу несколько функций. Защитную — защищает интересы работников, ведь в трудовых отношениях работодатель является экономически более сильной стороной. Оптимизирующую — способствует упрощению трудовых договоров, оптимизации расчетов затрат на оплату труда. Регулирующую — позволяет избежать открытых конфликтов между работниками и администрацией. Пока договор остается в силе, он регулирует трудовые отношения и помогает разрешить все вопросы, возникающие у сторон в связи с его положениями. Таким образом, положительный эффект от коллективного договора для сторон социального партнерства очевиден. С одной стороны, работники должны быть уверены в ясности и стабильности в отношениях с работодателем, в том, чтобы существующие, но не прописанные нигде условия труда были закреплены на бумаге (зарплата, дополнительные льготы и преимущества), в более благоприятных условиях труда по сравнению с установленными законами или иными нормативными правовыми актами. С другой стороны, работодателю важно, чтобы в период действия договора не возникало трудовых споров.

**Для чего заключать коллективный договор?**

Некоторые работодатели полагают, что коллективный договор заключается только для работников, чтобы установить им дополнительные гарантии, компенсации и льготы. Но такое мнение ошибочно. Коллективный договор позволяет руководству организации не только улучшить некоторые условия трудовых отношений, но и об организации позаботиться, так как довольно часто в нормативных актах имеются ссылки, позволяющие учесть расходы при исчислении некоторых налогов, если они предусмотрены коллективным договором.

**Гумбетовский центр занятости населения**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.